

**ede nou vin vèt!**

Mande pou resevwa bilten enfòmasyon Broward MPO a pa imèl lè ou kontakte Chris Ryan nan adrès imel [ryanc@browardMPO.org](mailto:ryanc@browardMPO.org) oubyen rele nan (954) 876-0036

Ale sou sit entènèt nou nan [www.BrowardMPO.org](http://www.BrowardMPO.org)

PRSRT STD  
US POSTAGE  
PAID  
FT. LAUDERDALE, FL  
PERMIT #3973

Volim 16. Piblikasyon No. 46. 2zyèm trimès 2016.

PWOCHEN REYINYON	JEN	JİYÈ	OUT	SEKT
KOMITE EGZEKITIF MPO A RANKONTRE IYE JEDI YO 9:30 A.M.	2	7	PA GEN REYINYON	1
ÒGANIZASYON PLANIFIKASYON METROPOLITEN BROWARD (MPO) RANKONTRE CHAK ZYÈM JEDI A 9:30 A.M.	9	14	PA GEN REYINYON	8
KOMITE KONSÈY TEKNIK (TAC) RANKONTRE CHAK YTRİYÈM MÈKREDI A 2:30 P.M.	22	PA GEN REYINYON	24	28
KOMITE KONSÈY SITWAYEN (CAC) RANKONTRE CHAK YTRİYÈM MÈKREDI A 6:00 P.M.	22	PA GEN REYINYON	24	28
KONSÈY KOÒDINASYON LOKAL (LCB) RANKONTRE YTRİYÈM LENDI A 2 P.M.	PA GEN REYINYON	PA GEN REYINYON	PA GEN REYINYON	12

\*Dat yo chanje akòz jou konje oswa konfli

Tout reyinyon yo ap fèt nan Biwo Konsèy Administrasyon MPO Broward, Swit 850, nan imèb Sant Komès Sid la (Trade Centre South). Yo mande patisipasyon piblik la san konsiderasyon ras, koulè, orijin nasyonal, laj, sèks, relijyon, andikap oswa estati fanmi. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal anba Lwa Ameriken ki Andikape (ADA) oswa moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oswa [ryanc@browardmpo.org](mailto:ryanc@browardmpo.org). Si ou gen pwoblèm pou tande, rele 1 (800) 273-7545 (TDD).

Pou plis enfòmasyon sou pwochen reyinyon yo, pote plent, si w gen kesyon oswa enkyetid sou dwa civil oswa diskriminasyon; oswa pou demann espesyal anba Lwa ADA a, tanpri kontakte : Christopher Ryan, Ofisyè Enfòmasyon Piblik/Koòdonatè Tit VI nan (954) 876-0036 oswa [ryanc@browardmpo.org](mailto:ryanc@browardmpo.org).

**ÈSKE OU TE KONNEN?**

Sun Trolley a, Asosyasyon Geyon Transpò nan Sant Vil Fort-Lauderdale ap opere bay transpò gratis (oswa a yon pri trè ba) nan zòn nou an. Sèt wout yo se:

- ▶ Uptown Link
- ▶ Downtown Link
- ▶ Galt Link
- ▶ NW Community Link
- ▶ Las Olas/Beaches Link (\$1.00)
- ▶ Neighborhood Link
- ▶ Airport Link
- ▶ Water Trolley

Pou plis enfòmasyon detaye, kat ak orè detaye, tanpri ale sou sit : <http://www.suntrolley.com/>



**Broward Metropolitan Planning Organization**

DEPLASE MOUN, KREYE TRAVAY, RANFÒSE KOMINOTE YO

**NOU VLE TANDE KÒMANTÈ OU!**

Nan efò pou amelyore kominikasyon nou yo avèk ou, MPO Broward la ta renmen kòmantè ou nan bilten nou an. Pou ka bay reyaksyon ou, tanpri ranpli sondaj la nan lyen sa a: <https://www.surveymonkey.com/r/J359ST8>

An menmtan, ou ka rele Christopher Ryan, Direktè Angajman ak Kominikasyon Piblik/Koòdonatè Tit VI, nan (954) 876-0036, oubyen voye yon lèt nan Biwo MPO a nan: 100 West Cypress Creek Road, Suite 850, Fort Lauderdale, FL 33309. N ap rete tann nouwèl ou!

**SIBVANSYON TIGER AK FASTLANE YO : FINANS KONEKSYON GAP LA**

MPO Broward la te aplike pou de sibvansyon kle bò kote Depatman transpò Etazini - United States Department of Transportation (USDOT) a pou yo finanse plis inisyativ transpò nan zòn nou an. Yon sibvansyon, nan pwogram USDOT ki se Envestisman nan Transpò pou Rekipération Ekonomik la (TIGER), pral finance plis kote pou woule bisiklèt ak twotwa nan vil Fort Lauderdale, Lauderdale Lakes, Pompano Beach, ak Oakland Park. Si yo bay li, USDOT pral bay plis pase \$11 million dola pou pwojè yo nan vil yo nou site pi wo a ki ta kontinye efò MPO ap fè yo pou mete lari an sekirite pou tout moun yo k ap itilize wout la. Avèk yon twou vid sou yon distans 9.2-mil ki egziste nan Sistèm Inisyatif Rejyonal pou Komplete Wout yo, moun ki abite Broward yo manke koneksyon enpòtan sou yon distans 70-mil nan pòsyon rezo a ki bay aksè sou pi gwo sant travay, kote ki bay edikasyon, ak bezwen swen sante yo. USDOT espere anonse gayan Sibvansyon TIGER a an Out oswa Sektanm.

Anplis sibvansyon TIGER a, MPO a, ansanm ak Port Everglades, ap aplike pou sibvansyon ki rele Ankouraje Avansman nan Transpò Maritim ak Transpò pou Rive gen Siksè nan Efkasite Nasyonal pou Lontan - Fostering Advancements in Shipping and Transportation for the Long-Term Achievement of National Efficiency (FASTLANE). Sibvansyon FASTLANE MPO a ap pèmèt Port Everglades konstwi Pwojè Entèmodal Koneksyon Kago a - Intermodal Freight Connector Project (IFCP). IFCP an ap kreye jiska senk nouvo pò akostaj anplis nan Port la, renovasyon enfrastrikti waf la, achte wò kalite kontenè post Panamax chantye teknik ki ekselan, avèk tou klwazon ki anviwònman amikal. Menm jan ak Sibvansyon TIGER a, USDOT espere anonse ganyan Sibvansyon FASTLANE yo nan mwa Out oswa Septanm.



Broward Metropolitan Planning Organization (MPO) Regional Complete Streets Initiative

Lead Applicant:	Broward Metropolitan Planning Organization
Location:	Broward County, Florida
Total Project Cost:	\$19,173,888
TIGER Request:	\$11,443,371 (60%)
Total Non-federal Funding (match):	\$7,730,517 (40%)



- KISA KI ANNDAN AN**
- MESAJ PREZIDAN AN
  - AN NOU ALE BRIGHTLINE
  - PLAN BIZNIS ESTRATEJIK MPO A
  - EDIKASYON AK SANSIBILIZASYON



Komisyonè  
Richard Blattner  
Prezidan, MPO Broward  
Vil Hollywood, Distri 4

## MESAJ PREZIDAN AN

MPO Broward la finn refè sit entènèt nou an. Objektif nou se pou nou te fè l pi parèt epi pi fasil pou navige pou patnè nou yo ak piblik la an jeneral. Nouvo sit la fè li pi fasil pou konnen sou travay MPO a ap fè; jwenn ak telechaje enfòmasyon, ki gen ladan kalandriye travay konsèy ak komite a; jwenn enfòmasyon sou evènman k ap vini ki nan kalandriye nou yo; epi rete enfòm sou dènye nouvèl ak pwojè yo.

Pandan ke nou refè sit la nou asire nou sit la kontinye aksesib pou tout itilizatè yo, ki gen ladan konfòmite ADA. Akòz mache aparèy pòtatif yo ki devlope, nou te vle tou asire nou sit entènèt la ap aksesib sou telefòn entelijan ak tablèt. Refè sit la pèmèt sa nou mete a kapab telechaje sou tout aparèy kèlkeswa preferans teknolojik itilizatè yo.

Vizite nou nan [BrowardMPO.org](http://BrowardMPO.org) epi fè nou konnen kisa ou panse de nouvo sit nou an!

## BRIGHTLINE - KONEKTE FLORID AK YON LAVNI PI KLÈ



Nan dat Me 13, 2016, Brightline (All Aboard Florid pote pou ou) te òganize yon evènman pou poze premye pyè konstriksyon an nan Estasyon Brightline Fort Lauderdale la. Lidè kominotè lokal yo te patisipe nan evènman sa a epi yo te ba yo opòtinite pou pratikman "kite mak yo" lè yo te ekri inisyal yo nan yon fòm V-kolòn sou pote beton yo fèk koule yo byen fre! Poto an fòm V-kolòn yo nan estasyon an pral sèvi kòm yon siy ikonik, k ap idantifye karakteristik tout estasyon Brightline yo. Kolòn yo k ap mezire jiska 45 ft. wotè, pral klere tou ak plizyè koulè nannwit.




Kòmmanse nan Ete 2017, Brightline pral kòmmanse ofri transpò ekspres anndan vil la ant Miami, Fort Lauderdale ak West Palm Beach. Sèvis pou Orlando planifye pou yon dezyèm faz.

Pou plis enfòmasyon vizite: <http://www.gobrightline.com/> oswa renmen yo nan Facebook: [www.facebook.com/gobrightline](http://www.facebook.com/gobrightline).

## PWOCHEN DIRECTION: KOMITE KONSILTATIF ESTRATEJIK YO

Nan plan Biznis Estratejik 2015 la, Konsèy MPO Broward la etabli senk Komite Konsiltatif Estratejik pou devlope plis objektif Konsèy la etabli. Plan Estratejik idantifye bezwen pou pale de chanjman rapid nan teknoloji transpò modèn, epi tou pou jwenn fason pou plis finansman pou pwojè MPO yo. Nan chak nan senk pwoblèm kap vini yo nan Transfòmasyon Transpò yo, nou pral mete aksan sou yon Komite Konsiltatif Estratejik patikilye. Komite Enpòtan sa yo gen ladan:

- Lidèchip/Patnèchip
- Amelyorasyon Miltimòd
- Edikasyon/Devlopman
- Devlopman Ekonomik
- Revni/Finansman



Rete branche pou plis enfòmasyon detaye sou chak Komite, sa yo jwenn, ak rekòmasyon yo pou fè objektif MPO yo avanse pi devan.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte James Cromar, Direktè Planifikasyon, nan (954) 876-0038 oswa nan [cromarj@browardmpo.org](mailto:cromarj@browardmpo.org).

## EDIKASYON AK SANSIBILIZASYON

### Lekòl Segondè Deerfield Beach Ede Planifye Lavni



Nan dat 17 Me, MPO Broward la te resevwa yon gwoup elèv Lekòl Segondè Deerfield Beach nan lide pou planifye Mobilite Hub Cypress Creek la. Elèv yo gade fason pou yo fè zòn nan Cypress Creek la pi an sekirite pou pyeton, siklis, ak itilizatè transpò piblik yo. Pandan tout ane lekòl la, anplwaye MPO te fè yon patenarya ak Lekòl Piblik Broward County yo pou anseye elèv yo sou transpò ak enpòtan planifikasyon transpò nan kominote a. Pwogram sa a se yon devlopman Soukomite Edikasyon ak Devlopman Biznis Plan Estratejik la, ki detaye nan Paj 2. Pou plis enfòmasyon oswa pou konnen plis sou kijan ou ka gen lekòl nan zòn ou a patisipe nan inisyativ sa a, tanpri kontakte Chris Ryan at [RyanC@browardmpo.org](mailto:RyanC@browardmpo.org) oswa nan (954) 876-0036.



### Bay Opinyon ou nan Reyinyon Piblik Pwogram Amelyorasyon Transpò 2016 la!

Tan sa a nan ane a tounen ankò! Tanpri vin jwenn MPO Broward la nan pwochen reyinyon piblik li yo sou Pwogram Amelyorasyon Transpò 2016/2017 (TIP). Reyinyon sa yo bay piblik la yon opòtinite pou fè konnen opinyon li sou ki pwogram transpò ak ki inisyativ yo ta dwe bay priorite nan ane k ap vini yo. Ou ka jwenn aksè a enfòmasyon sa a tou lè ou itilize zouti Entèaktif TIP MPO a: <http://broward.dtstiptool.com>. Reyinyon Piblik yo ap fèt:

- Mèkredi, 22 Jen, 2:30 pm - Komite Konsèy Teknik
- Mèkredi, 22 Jen, 6:00 pm - Komite Konsèy Sitwayen
- Jedi, 14 Jiyè, 9:30 am – Reyinyon Konsèy MPO Broward (Dènye Aksyon Final)

Tout reyinyon yo ap fèt nan Biwo Konsèy Administrasyon MPO Broward la nan imèb Sant Komès Sid la (Trade Centre South) 100 West Cypress Creek Road, Swit 850, Fort Lauderdale, Florida 33309. N ap tann ou pou patisipe!

NOU SWIV SONJE pou patisipe nan konvèsasyon sou transpò nan Broward lè ou swiv **SPEAK UP BROWARD (Pale Broward)** anba.



### RETE KONEKTE. PATISIPE.

Swiv nou pou jwenn dènye enfòmasyon sou transpò nan Broward

- SIT ENTÈNÈT: [www.SpeakUpBroward.org](http://www.SpeakUpBroward.org)  
 FACEBOOK: [www.facebook.com/SpeakUpBroward](http://www.facebook.com/SpeakUpBroward)  
 TWITTER: [www.twitter.com/SpeakUp\\_Broward](http://www.twitter.com/SpeakUp_Broward)  
 LINKEDIN: [www.linkedin.com/company/speak-up-broward](http://www.linkedin.com/company/speak-up-broward)  
 YOUTUBE: [www.youtube.com/watch?v=p85ym801zI0](http://www.youtube.com/watch?v=p85ym801zI0)  
 INSTAGRAM: [www.instagram.com/speakupbroward](http://www.instagram.com/speakupbroward)

